

A Shoko rengirozi yekutanga. Zvakazarurwa 14:6-7.

❖ Vhangeri rinogara nokusingaperi.

- Shoko iri “I vhangeri rinogara nokusingaperi.” Ndiko kuti, mashoko akanaka eruponeso ne nyasha kubudikidza nekuzvipira kwa Jesu.
- Rinogara nokusingaperi nokuti ,rakarongwa “nguva isati yatanga” (Tito 1:2), harisati ramboshanduka uye haritomboshanduki,uye hupenyu husingaperi hunoenderana nekuti waritambira kana kuti wariramba.

❖ Kutya nerutongo.

- “Kutya Mwari” zvinorevei?
 - (1) Kumunamata (Genesisi 31:53)
 - (2) Kumutora sezvaari (Ekisodho 9:20)
 - (3) Kuchengeta mutemo wake (Deuteronomio 6:2)
 - (4) Kumushumira (Deuteronomio 10:20)
- Chii chinonzi “Kutonga kwake”?
- Rutongo runotanga apo vhangeri rinenge richiparidzwa.Runozivikanwa kunzi rutongo kuuuya kusati kwasvika (Kuuya Kwechipiri kusati kwasvika). Zvichaitika zvinogara zvachose kumunhu zvichabuda murutongo urwu (Zvakazarurwa 22:11)

❖ Rukoko kukunamata.

- Kurwisana kwokupedzisira kunonga kuine kurwiswa kwekunamata kweidi sekutaurwa kwazvo mumitemo mina yekutanga:
 - (1) Namatai Mwari ega (Ex. 20:2-3) → Namatai Satani (Zva. 13:4)
 - (2) Musaita zvfananidzo kuti muzvinamate (Ex. 20:4-6) → Namatai mufananidzo wechikara (Zva. 13:14-15)
 - (3) Musamhura zita raMwari (Ex. 20:7) → Kumhura Mwari nezita rake (Zva. 13:6)
 - (4) Namatai musiki ne Sabata (Ex. 20:8-11) → Svondo sezuva rekunamata (Zva. 13:17)

B Shoko rengirozi yechipiri. Zvakazarurwa 14:8.

❖ Rawa Bhabhironi.

- Bhabhironi rakavambwa nevanhu vanga vasingatendi muzvitsidzo zva Mwari (Genesisi 11:1-9). Nebhukadhineza akaita Bhabhironi “guru” (Danieri 4:30) uye Isaya wakaporofita kuti richawa nekuda kwokunamata zvfananidzo kwaro (Isaya 21:9).
- Bhabhironi reNguva-Yekupedzisira rinoitwa nezvinamato zvakaramba chokwadi pakutambira dzidziso dzenhema.
- Ndiyo “waini” yaita kuti pasi rose ridhakwe,nokudaro havakwanisi kunyatsofunga nemazvo vachitambira chokwadi.

C Shoko rengirozi yechitatu. Zvakazarurwa 14:9-13.

❖ Chiitiko chekupedzisira.

- Avo vakanwa waini ye Bhabhironi vanofanirwa kunwa waini yekutsamwa kwaMwari.Waini iyi inodirwa mumatenda 7 (Zva. 15:7; 16:1-21).
- Moto ne suriferi zvinoshandiswa kumiririra kutonga kwa Mwari (Genesisi 19:24; Isaya 34:8-10; Judhi 7).
- Hutsi hwokutambudzwa kwavo hunokwira nokusingaperi.Zvinoreva kuti matuso acho anogara narinhi.
- Pakuuya kwechipiri kwa Kristu,avo vanenge vatambira rukoko rwekupedzisira rwevhangeri isingaperi vacharama nokusingaperi. (Zva. 14:14-16; Mt. 13:30). Avo vanenge vasina kutambira vhangeri vanofa (Zva. 14:17-20).